
Nathanael Greene Middle School

# KONEKSYON

19 OUT 2022

## KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN


**DR. JAVIER MONTAÑEZ**
Sipè-entandan

Byenvini nan dènye edisyon bilten enfòmasyon chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD)! Si oumenm oswa yon moun ou konnen rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon ki sot pase yo sou sitwèb Distri a nan plizyè lang.

Li difisil pou kwè ke elèv nou yo retounen lekòl nan yon ti tan plis pase yon semèn! Mwen vle bay yon gwo remèsiman, yon remèsiman ki sensè pou tout manm kominotè Lekòl Piblik Providence nou yo ki mete tan ak efò pandan ete sa a pou ede asire ke nou kòmanse ane lekòl 2022-23 a yon fason solid. Nou te fè kèk gwo travay pandan dènye mwa sa yo pou kontinye fèmen eka akonplisman an ak pou ede elèv yo avanse.

Nou te genyen plizyè milyè elèv ki te patisipe nan Aprantisaj Sezon Ete a (Summer Learning) nan klas K-12. Sa genyen ladan Matematik, ELA, Syans, ak kou STEM pou elèv nou genyen ki plis jèn yo. Epi sa genyen ladan rekiperasyon kredi ak pwogram CTE pou elèv lekòl segondè nou yo.

Epitou edikatè nou yo te pase dènye semèn sa yo ap amelyore epi devlope konpetans yo, ap pwofite de plizyè santèn èdtan devlopman pwofesyonèl nan chak nivo. Sa genyen ladan tout direktè nou yo, nouvo lidè nan nivo Distri a, antrenè, nouvo pwofesè, ak pwofesè yo ki te patisipe nan plis pase 100 diferan kou devlopman pwofesyonèl ki peye.

Tip adezyon sa a montre ke elèv ak edikatè nou yo konprann ke lè yo ranfòse distri lekòl ke kominote nou an merite a se yon travay ki dwe fèt pandan tout lane a. Mwen pa ka tann pou ane lekòl la kòmanse pou nou ka wè rekonpans travay difisil sa a!

## MIZAJOU DISTRI A

### Sant Rantre Lekòl la

Kòmansman yon nouvo ane lekòl vini avèk anpil kesyon - akilè klòch la sonnen? Ki materyèl lekòl timoun mwen an bezwen? Ki resous ki disponib pou ede elèv yo avèk kou akademik yo oswa avèk prezans? Nou genyen tout sa ou bezwen!

Vizite **platfòm Retou Lekòl** nou an pou tout repons sa yo ak plis. Epitou ou pral jwenn enfòmasyon enpòtan sou sa ki nouvo pandan ane sa a, tankou lage bonè pou devlopman pwofesyonèl manm pèsonèl la.

### Yon Retou Lekòl ki San Danje

Lekòl Piblik Providence yo pral genyen plizyè **machaswiv sou sekirite ak estrateji rediksyon pou COVID-19** ki an plas pou ede asire yon retou lekòl ki san danje. Klike isit la pou li tout machaswiv ki ajou a pou ane lekòl 2022-23 la, ki genyen ladan tès pou moun ki pa gen sentòm, pirifikasyon lè, rekòmandasyon mask, ak plis netwayaj. Epitou paran yo ta dwe sonje ke elèv ki te bay fòmilè konsantman pou tès COVID yo ane pase a pa bezwen bay yon lòt fòmilè konsantman ane sa a. Si paran yo swete retire konsantman pou tès la pou elèv yo a, yo ka kontakte enfimyè lekòl yo a.

### Okenn Lesepase RIPTA Pa Nesesè jiska 1 Oktòb

Akoz pwoblèm pwodiksyon/apwovizyònman, Otorite Tranzit Piblik Rhode Island lan (RIPTA) p ap genyen kat WAVE ki disponib alè pou kòmanse lekòl la. Konsa, RIPTA te dakò pou pèmèt tout **elèv lekòl segondè Providence** pou monte otobis san yon lesepase apati 8/29 jiska 9/30. Lekòl Priblik Providence yo pral kontakte fanmi yo nan pa twò lontan pou bay enfòmasyon sou fason pou chaje lesepase ane pase a ak fason pou mande yon nouvo lesepase anvan 1 Oktòb. Epitou fanmi yo ta dwe chècje depliyan RIPTA yo nan chak lekòl ki genyen wout RIPTA yo pou ale ak pou kite batiman an.

### Sekirite Lekòl la

Sekirite elèv ak manm pèsonèl yo vini an premye nan Lekòl Piblik Providence yo. Ete sa a, Distri a te travay avèk Lapolis Providence, Depatman Ponpye Providence lan, ak Ajans Jesyon DIjans Rhode Island lan pou revize ak aktyalize Plan Preparasyon Dijans Lekòl la. Plan sa a mansyone responsablite manm pèsonèl lekòl la pandan plizyè douzèn sitiyasyon dijans. Klike isit la pou aprann plis, ansanm ak mesaj ke fanmi yo ta dwe espere resevwa lè genyen egzèsis sekirite oswa yon ijans nan lekòl timoun yo a.

## SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di e talantye nou yo ap fè bagay ki estrawòdinè chak jou. Men jis kèk egzanp.



### PONPYE 101

Gwoup ekstrawòdinè sa a ki genyen senyò ki soti nan **Central High School** la te fè premye paj Jounal Providence lan pandan y ap patisipe nan premye akademi depatman ponpye Distri a! Pwogram nan te kòmanse nan ete sa a avèk 150 èdtan fòmasyon peye, epi li kontinye pandan tout ane lekòl la pandan yon total 450 èdtan fòmasyon! Aprè gradyasyon an, elèv yo pral genyen yon chans pou antre nan Akademik Depatman Ponpye Providence lan!



### APRANTISAJ NAN SEZON ETE POU DIPLOME YO

Felisitasyon pou Klas 2022! Elèv ekstrawòdinè sa yo te resevwa diplòm yo nan pwogram Aprantisaj Sezon Ete nou an epi yo te gradye nan yon seremoni nan kòmansman mwa sa a nan PCTA. Diplome yo soti nan Distri a epi te genyen ladan elèv nan **360, Alvarez, Central, Classical, E-Cubed, Hope, JSEC**, ak **Mount Pleasant High School**.



### REYISIT NAN NATASYON

Mwa sa a te manke City Championship Swim Meet anyèl la nan Providence lan, kote elèv ki reprezante sant rekreyatif nan kominote yo fè konpetisyon youn ak lòt. Sovtè yo nan chak kominote fè konpetisyon tou, epi yo te bay 3 premye ganyan yo meday. Ane sa a, de elèv nan **Mount Pleasant High School**, ak sovtè premye fwa yo, te ranpòte 3 onè. Promise Seales te vini nan 3yèm plas kont lòt sovtè fanm nan, epi Bryant Agramont te ranpòte 1ye plas pou divizyon sovtè gason an.




### HOMETOWN HERO

Felisitasyon pou diplome **Classical High School** ak star ekip foutbòl nasyonal la, ki fèk prezante nan segman Hometown Hero WPRI a. Otòn sa a Michaela pral mennen talan li yo nan University of Minnesota Duluth kote li pral patisipe nan alafwa foutbòl ak atletis! Tout chans ou, Michaela!

gade videyo a: https://www.wpri.com/sports/hometown-hero-michaela-white-classical/

## PWOFIL ANPLWAYE A

Aprann konnen moun ki estrawòdinè k ap travay ak elèv nou yo chak jou!

**Sandra Grenga**
*Sekretè Direktè Adjwen an*

Sitiye nan: **Nathanael Greene Middle School**

Antre nan PPSD nan: **2000**

***Kijan yon jounen pase nan yon biwo lekòl?***
Mwen isit la a 6:15 a.m. pou timoun yo depoze anvan ti dejne a kòmanse, epi nou kòmanse travay apati moman sa a! Nou enteraji avèk fanmi yo ak elèv yo pandan tout jounen an, epi genyen nouvo defi pou simonte chak jou. Yon elèv bliye manje midi li, yon moun genyen yon sitiyasyon difisil lakay li, ou idantifye l, nou la pou ede rann jounen an pi bèl. Mwen panse ke manm pèsonèl biwo a se siman batiman an – nou ede anpil bagay fonksyone pi byen. Lekòl se tankou yon dezyèm fanmi pou moun ki travay isit la ak pou elèv yo. Mwen isit la depi 21 lane sa vle di mwen konnen kisa sa vle di pou konstwi lyen avèk moun.

> "Se vrèman plis pase yon lekòl. Nou se yon fanmi. Nou tout la ap travay pou kontinye fè tout bagay avanse ak pou kenbe timoun nou yo sekirize epi ap aprann."

***Ki bagay ou plis fyè de li?***

Mwen renmen lè timoun yo konnen yo ka vin kote m pou nenpòt bagay, menm si yo senpleman bezwen yon poz senk minit. Yo konnen m sou non Madam Sandra. Espas ki san danje enpòtan anpil nan lekòl twazyèm sik. Genyen anpil chanjman epi li ka yon gwo ajisteman pou timoun yo. Se pa tout moun ki genyen yon lavi lakay yo ki pafè. Sa vle di pou kèk timoun, lè yo konnen yo sekirize epi yo genyen yon moun yo ka pale avèk yo si yo goument avèk yon zanmi oswa si yon bagay te pase lakay la, sa fè yon gwo diferans. Mwen fyè paske mwen patisipe nan sa.

***Kisa ou ta swete plis moun konnen sou travay ou?***
Mwen pa konnen si moun reyalize ki kantite efò nou fè nan biwo yon lekòl. Li vrèman plis pase reponn telefòn nan. Genyen kèk fwa nou vrèman okipe, epi nou kapab bezwen yon segonn pou fini yon bagay anvan nou ale nan yon lòt. Men pou tout moun nan batiman an, se absoliman "timoun yo an premye." Se vrèman plis pase yon lekòl. Nou se yon fanmi. Nou tout la ap travay pou kontinye fè tout bagay avanse ak pou kenbe timoun nou yo sekirize epi ap aprann. Mwen konprann ke genyen fristrasyon pafwa paske paran yo sousye yo anpil de timoun yo. Mwen te leve yon pitit fi epi mwen senpatize m. Men mwen espere ke yo konnen nou la pou ede, epi timoun sa yo vle di anpil bagay pou monn lan.

***Kisa ou enpasyan pou retalize ane k ap vini an?***

Nou genyen oryantasyon semèn sa a epi mwen renmen wè tout bèl ti vizaj sa yo! Yo vrèman enpasyan pou retounen lekòl la. Nan kòmansman ane a, sof si ou te nan yon lekòl twazyèm sik, li difisil pou eksplike. Elèv sizyèm lane yo genyen anpil bagay pou aprann, epi nou asire ke nou la pou yo. Nou ranfòse lyen sa a. Timoun yo chita avèk nou epi yo pran manje midi, epi sa ede yo konnen yo pral santi yo byen. Epi aprè kèk premye semèn yo nou tonbe nan woutin nou. Yo pa genyen twòp pwoblèm pou kòmanse, men timoun yo vrèman sanyi byen yon fwa yo enstale yo. Sa se yon trè bèl bagay pou wè.

## SE YON BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- D'Abate Elementary School nan Providence pral fè renovasyon yo t ap tann lontan an
  Jounal Providence lan, 11 Dawout
- Yo rekonèt Lekòl Piblik Providence yo pou efò elektwonik dirab yo
  Providence Business News, 9 Dawout
- Pwogram Brown's Pre-College yo akeyi ogmantasyon pataj elèv yo nan Providence
  Brown University, 8 Dawout
- Akademi depatman ponpye Providence lan ofri elèv yo yon chans pou fè karyè
  Jounal Providence lan, 4 Dawout
- Lekòl twazyèl sik kolekte, fè don plizyè santèn animal an pelich bay elèv Uvalde yo
  WJAR, 26 Jiyè

## NAN DISTRI A



### SUMMER SUCCESS

Ete sa a, prèske 3,000 elèv nan Lekòl Piblik Providence lan te patisipe nan **aprantisaj ete a** nan klas K-12! Elèv yo jiska klas 8 yèm lane te patisipe nan klas ki konsantre sou Art nan Lang Anglè, Matematik, Syans, ak konpetans STEM. Elèv Lekòl Segondè yo te anmezi pou angaje nan retablisman kredi ak pakou pou Edikasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Teknik (CTE). Mèsi ak plizyè santèn manm pèsonèl ak edikatè ki te ede nou kontinye fèmen diferans nan akonplisman an ak pou sèvi elèv nou yo pandan tout ane a.



### RANFÒSE DEVLOPMAN PWOFESYONÈL

Epitou ete sa a se te yon moman pou edikatè yo rasanble epi aprann nouvo fason pou ede elèv yo reyisi. Nan dènye semèn sa yo, Distri a te òganize yon **New Leaders Academy** pou Sipè-entandan Adjwen ak Direktè Egzekitif yo, yon Principals Academy pandan de semèn, yon Coach Academy, yon New Teacher Academy pandan de semèn ak yon Teacher Academy avèk plis pase 100 sesyon devlopman pwofesyonèl.



### MADE IN THE SHADE (FÈT NAN LONBRAJ)

Yon gwo remèsuman pou konsiltan **Aramark** la kise Bob Struck, ki fèk resevwa pèman pou fè enstalasyon nouvo lonbraj (shades) nan premye etaj **Robert F. Kennedy Elementary School**! Yon gwo limyè solèy te vin yon pwoblèm nan espas sa a nan batiman an. Kidonk Bon, ke manman l te yon pwofesè nan Kennedy Elementary epi ki genyen kat timoun li yo ki te swiv kou nan lekòl la, te resevwa pèman pou nouvo lonbraj yo poukont li epi li te enstale yo!



### NOUVO DEPA

Mwa sa a, konstriksyon te kòmanse nan renovasyon $21 milyon dola nan **William D'Abate Elementary school**. Renovasyon konplè sa a pral mennen yon anviwònman aprantisaj 21yèm syèk ki pral kiltive reyisit akademik ak devlopman sosyo-emosyonèl pou elèv yo. Konstriksyon an pral fèt pandan tout ane lekòl 2022-23 a, avèk elèv D'Abate yo ak manm pèsonèl ki tanporèman sitiye toupre Lauro Elementary.

## MAKE KALANDRIYE W YO!

- **DEVLOPMAN PWOFESYONÈL RETOU PÈSONÈL LA**
  Lendi 22 Dawout 2022
- **PREMYE JOU LEKÒL YO**
  Lendi 29 Dawout 2022
- **FÈT TRAVAY** *(PA GEN LEKÒL)*
  Lendi 5 Septanm 2022
- **JOU ELEKSYON PRIMÈ**
  (PA GEN LEKÒL)
  Madi 13 Septanm 2022
- **LAGÈ BONÈ 2-ÈDTAN**
  Mèkredi 21 Septanm 2022
- **ROSH HASHANAH** *(PA GEN LEKÒL)*
  26 & 27 Septanm 2022




### SAKADO GRATIS AK MATERYÈL LEKÒL

**Samdi 27 Out**
**10:00 a.m. - 12:00 p.m.**
**Evènman Drive-By**
**Plizyè lye yo genyen ladan:**

- Providence Community Health Center, 31 Atwood St.
- West End Community Center, 109 Bucklin St.
- Enfòmasyon ak Enskripsyon Elèv nan Providence, 325 Ocean St.
- Nathanael Greene Middle School, 721 Chalkstone Ave.




### MT. JOUNEN ANBELISMAN AVÈK PLEZI

**Samdi 20 Dawout**
**9:00 a.m. - 10:00 a.m.**
Rejwenn nou Samdi sa a, 20 Dawout, pou yon Jounen Anbelisman nan Mount Pleasant High School! Jounen an pral kòmanse avèk tou nan lekòl la apati 9 è rive 10 a.m. Apresa se pral remiz pri ak konvèsasyon kominotè, ki swiv pa travay nan jaden pou anbeli lakou lekòl la. Yo swete tout manm kominotè yo byenvini pou asiste yon pati nan jounen an oswa tout jounen an!

### AVANTAJ MANM PÈSONÈL LA!

**Rabè DSW pou Anplwaye PPSD**

Atansyon pou anplwaye PPSD yo – itilize òf ki atache a ki soti nan DSW *(Antrepo Soulye Konsepsyonè a)* apati 26 rive 28 Dawout epi resevwa 20% nan atik ki genyen pri regilye yo ak yon lòt 10% sou atik ki nan likidasyon yo! Asire ke ou pote depliyan sa a sou ou ak ID manm pèsonèl ou an nan kès la pou resevwa rabè a.

**Rabè Bom Bom Nutrition pou Anplwaye PPSD yo**

Epitou anplwaye PPSD yo resevwa rabè espesyal nan Bom Bom Nutrition nan 375 Washington Street jiska fen mwa Dawout la. Gade imaj ki atache a pou jwenn òf jounen an, epi asire ke ou genyen ID Lekòl Piblik Providence ou an avèk ou nan kès la.

Genyen kèk bagay tèrifik k ap pase nan Distri a epi nou vle mete tout moun okouran! Si ou gen yon pwogram, yon evènman, yon manm estaf la oswa yon elèv ki genyen yon bèl istwa li ta renmen pataje, tanpri voye yon imèl bay communications@ppsd.org.

Providence Schools

© 2022 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org